

Vaksen COVID-19 la, Gwosès, ak bay tete: Pran Vaksen an pou pwoteje tèt ou ak tibebe w la

Kounye a yo rekòmande Vaksen COVID-19 la pou tout moun ki gen 12 lane ak plis. Sa gen ladan moun ki ansent, moun k ap bay tete, oswa ap moun k ap eseye vin ansent. Ou ka gen kesyon sou novo rekòmandasyon sa yo, epi nou la pou ede reponn yo!

Poukisa li enpòtan pou mwen pran vaksen COVID-19 la si mwen ansent?

COVID-19 se yon viris ki danjere, espesyalman pou moun ki ansent. Si ou ansent oswa ou te fenk ansent epi ou pran COVID-19, ou gen plis chans pou:

- Malad grav ak COVID-19 epi ou bezwen ale lopital pou tretman
- Fè yon tibebe premature (twò bonè)
- Akouchman (lanmò oswa pèt tibebe a anvan oswa pandan akouchman)
- Foskouch (pèdi timoun nan)

Moun ak COVID-19 ki vin malad grav ka mouri. Gen kèk varyant (fòm) nan COVID-19 gaye pi fasil bay lòt moun epi yo ka lakòz maladi ki pi grav. Se poutèt sa li tèlman enpòtan pou pran vaksen an pandan ou ansent, epi pou moun ki bò kote ou yo pran vaksen an.

Èske vaksen COVID-19 la san danje pou moun ki ansent?

Vaksen an **san danje epi li travay byen** nan pwoteje moun ki ansent kont COVID-19. Li travay pou anpeche ou vin malad anpil epi gen pwoblèm ki gen rapò ak COVID-19 pandan gwosès ou.

Mwen tandem vaksen COVID-19 la ka lakòz foskouch. Èske se vre?

Non. Vaksen COVID-19 la pa lakòz foskouch. Pa gen okenn risk ogmante moun ki pran vaksen an fè foskouch. Etid yo te jwenn vaksen an san danje pou moun ki ansent ki te pran vaksen an nan nenpòt ki moman nan gwosès yo.

Èske mwen ka pran vaksen an si mwen ap bay tete?

Wi. Ou ka pran vaksen an si w ap bay tete. Vaksen an ede kò w kreye antikò, k ap pèmèt li goumen kont viris lan epi pwoteje w pou pa vin malad. Moun k ap bay tete ki pran vaksen an gen antikò sa yo nan lèt tete yo, ki ka ede pwoteje ti bebe yo.

Èske mwen ka pran vaksen COVID-19 la si mwen vle vin ansent pi devan?

Wi. Li pa yon danje pou ou pran vaksen an. Pa gen okenn prèv ki montre vaksen COVID-19 la lakòz okenn pwoblèm ak gwosès, tankou fètilite yon moun (kapasite pou vin ansent).

Lè w pran vaksen an se pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak tibebe w la kont COVID-19. Pale ak founisè CHN ou si ou genyen plis kesyon!



Swen lasante pou tout moun. | 866.246.8259 | www.chnnyc.org

